


Bilten sou Lasante

DEPATMAN LASANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK (NEW YORK CITY DEPARTMENT OF HEALTH AND MENTAL HYGIENE)

#62 nan yon seri Bilten sou Lasante sou zafé enpòtan ki entrese tout moun nan Nouyòk



Vyolans ou sibi nan men patnè entim ou Kouman pou pwoteje tèt ou



Sa ka rive nenpòt moun

Vyolans ou sibi nan men patnè entim ou (yo rele l tou vyolans domestik) se yon agresyon ant oumenm ak patnè aktyèl ou oswa ak yon ansyen patnè ou.

- Nenpòt moun ka sibi vyolans nan men patnè yo, kèlkeswa laj, ras/gwoup etnik, revni, edikasyon, kondisyon imigrasyon oswa oryantasyon seksyèl moun nan.
- Pifò nan viktim yo se fanm yo ye – men gason ka viktim tou.



Leplisouvan, li rive pa etap, e anjeneral li vin pi mal.

- Vyolans ou sibi nan men patnè w ka kòmanse depi nan kòmansman relasyon an e souvan li dire lontan.
- Anjeneral, li rive pa etap, e avèk letan, li fèt pi souvan e li vin pi grav.
- Patnè w la ka mande padon, ba w kado epi fè w pwomès ke li p ap janm fè w mal ankò.
- Men, abi a jeneralman konn rive ankò.

Abi pa janm yon bon bagay.

- Gendelè li kont lalwa tou.
- Se PA fòt ou si w nan yon relasyon ki vyolan.
- Fòk patnè ki abizif yo vle chanje. Fòk yo sispann tout konpòtman vyolan yo genyen yo.
- Li difisil pou yo chanje konpòtman yo e sa ka pran anpil tan.



Se yon bagay ki gen rapò ak pouvwa e ak kontwòl

Gen diferan tip vyolans ak abi.

1. **Abi emosyonèl** limite libète w. Li fè w pè oswa li fè w santi w mal. Yon patnè ki abizif emosyonèlman ka:
 - Fawouche w lè l ap ba w vye non, lè l ap entewonp ou e lè l ap ensilte w.
 - Li ka anpeche w wè fanmi oswa zanmi w, oswa li ka anpeche w ale lekòl oswa ale travay.
 - Li ka vle veye w twòp, vin posesif oswa jalou.
 - Li ka pran lajan w oswa dokiman w, refize w gen lajan, oswa fè w bay eksplikasyon pou tout lajan w depanse.
 - Li ka pa vle fè sèks ak ou oswa pa ba w afeksyon defason pou l sa manipile w.
2. **Menas** se mo oswa jès ki fè w panse ke patnè w la pral atake w, pral atake moun ki pwòch ou oswa pral atake bèt domestik ou yo. Yon patnè k ap fè menas ka:
 - Swiv ou tout tan oswa li ka rele w tout tan nan telefòn.
 - Li ka kenbe yon zam nan men l pandan l ap di de bagay ki mechan oswa ki fè w pè, tankou:
 - “Mwen pral rapòte w bay sèvis sosyal (oswa imigrasyon, oswa lapolis).”
 - “Mwen pral pran timoun sa yo e mwen prale.”
 - “M ap touye tèt mwen si w pa ret avèk mwen.”
3. **Abi fizik** se lè moun nan itilize nenpòt agresyon pou fè oumenm oswa moun ki pwòch ou mal, oswa pou detwi de bagay ki gen valè pou ou. Yon patnè ki abizif fizikman ka:
 - Pouse, bay kalòt, bay koutpye, frape, met kouto oswa boule oumenm, moun ki pwòch ou oswa bèt domestik ou yo.
 - Li ka refize w manje, pa kite w dòmi, oswa refize w pran swen medikal.
 - Li ka detwi rad, foto oswa lòt atik pèsònèl ou.
4. **Abi seksyèl** se lè yon moun fòse w fè aktivite seksyèl. Pa egzanp:
 - Anpeche w sèvi ak metòd kontraseptif oswa kapòt se abi seksyèl.
 - Lè yon moun fòse pou l fè sèks ak yon lòt, yo rele sa kadejak; *kadejak* se yon krim li ye – menm lè li fèt ant moun ki marye oswa k ap viv ansanm.

Efè abi genyen sou lasante

Vyolans ou sibi nan men patnè ka koze oswa agrave ANPIL pwoblèm sante.

- **Domaj fizik yo** ka grav e yo ka lakoz enfimite e menm lanmò.
 - Gen apeprè 4 000 fanm ak 900 gason ke yo trete nan sal dijans nan Vil Nouyòk chak ane, poutèt vyolans yo sibi nan men patnè.
 - Apeprè 40% pami fanm yo touye nan Vil Nouyòk chak ane, se fanm ke patnè entim yo touye.
- **Abi seksyèl** ka koze gwosès ki pat planifye, enfeksyon moun pran nan fè sèks, ak enfètilite.
- **Pwoblèm ki gen rapò ak presyon** ka koze:
 - Anksyete, depresyon, pwoblèm pou manje ak pou dòmi.
 - Ipètansyon (tansyon ki wo), maladi kè ak estwòk.
 - Lide pou komèt swisid ak tantativ swisid.
- **Abi fè tou ke li pi difisil pou okipe tèt ou.** Ou ka pa al kay doktè regilyèman pou fè tès enpòtan, pran vaksen epi swiv tretman.

Ou pa poukont ou!

TOUJOU RELE 911 SI W ANDANJE

1. Gen èd ki disponib.

- Pale ak yon moun ou fè konfyans, tankou yon manm nan fanmi w oswa yon zanmi. Oswa pale ak doktè w la oswa konseye relijye w la.
- Pale ak yon konseye nan Liy Asistans Telefonik sou Vyolans Domestik la (Domestic Violence Hotline) sou fason pou evite danje. Rele 311 oswa rele nan 800-621-HOPE (800-621-4673).
- Fè yon lis kout ki gen non moun ou ka rele nan ka dijans. Memorize nimewo telefòn moun sa yo.

2. Reflechi davans sou kouman pou sove.

- Lè patnè w la ap fawouche w oswa l ap atake w, evite al nan pyès ki pa gen kote pou w soti (pa egzanzp, twalèt yo) ak pyès ki gen objè ki danjere (tankou, kizin lan).
- Se pou w konnen tout mwayen w genyen pou sove nan kay ou oswa nan bilding apatman w lan, si ta gen yon ka dijans.

3. Kenbe dokiman enpòtan yo ansanm epi mete yo yon kote ki an sekirite.

- Lòd Pwoteksyon yon tribinal ba ou (si w gen youn).
- Dokiman legal ak dokiman ki bay prèv sou idantite w (tankou, batistè, kat Sekirite Sosyal, Paspò, kat imigrasyon [grinkat], lisans maryaj, lisans chofè).
- Dokiman ak enfòmasyon finansye (kanè chèk, kat kredi).
- Fèm apatman, polis asirans, dosye medikal pèmanan ak preskripsyon.

4. Si w kite patnè w la, pwoteje tèt ou.

- Chanje nimewo telefòn ou yo. Toujou gade pou wè ki moun k ap rele w, anvan w reponn.
- Si w gen pou rankontre ak patnè w la, ale nan yon plas piblik pou rankontre l.
- Chanje woutin ou (jan w al travay, lè w al fè makèt, elatriye).

Relasyon ki byen balanse...

- Koup yo respekte youn lòt, yo devlope konfyans ant youn ak lòt e yo pale libreman.
- Pou ka jwenn èd ak sipò, rele LifeNet (gade nan seksyon sou Liy Asistans Telefonik Konfidansyèl 24 sou 24 [24-Hour Confidential Hotlines]).

Pou plizyè lòt fason sou kouman pou an sekirite:
www.safehorizon.org



Liy Asistans Telefonik Konfidansyèl 24 sou 24

- Liy Asistans Telefonik sou Vyolans Domestik nan Vil Nouyòk (New York City Domestic Violence Hotline): Rele 311 oswa rele nan 800-621-HOPE (800-621-4673)
- Liy Asistans Telefonik sou Ka Atak Seksyèl ak Kadejak ki nan Depatman Lapolis Nouyòk (New York Police Department Rape and Sexual Assault Hotline): Rele 311 oswa rele nan 212-267-RAPE (212-267-7273)
- LifeNet
 - Rele 311 oswa rele nan 800-LifeNet (800-543-3638)
 - LifeNet pou Panyòl [Spanish LifeNet]: 877-AYUDESE (877-298-3373)
 - LifeNet pou moun ki soti nan peyi azyatik yo [Asian LifeNet] (Mandaren, Kantonè, ak Koreyen): 877-990-8585
- Sant pou Fanm Azyatik nan Nouyòk (New York Asian Women's Center): 888-888-7702
- Pwojè kont Vyolans sou Omoseksyèl ak Madivinèz nan Vil Nouyòk [NYC Gay and Lesbian Anti-Violence Project]: 212-714-1141
- Liy Asistans Nasyonal pou Abi ki fèt lè Jennjan ki renmen soti ansanm (National Teen Dating Abuse Helpline): 866-331-9474, 866-331-8453 TTY
- Liy Asistans pou Abi Domestik pou Gason (Domestic Abuse Helpline for Men): 888-7HELPLINE (888-743-5754)

Enfòmasyon ak Èd anplis

- Biwo Majistra a pou Konbat Vyolans Domestik (Mayor's Office to Combat Domestic Violence): 311 or nyc.gov/domesticviolence
- Safe Horizon: www.safehorizon.org
- Pwogram Entèvansyon kont Vyolans (Violence Intervention Program): <http://63.135.104.107>
- Sant Sipò pou Fanmi Ameriken Arab (Arab American Family Support Center): 718-643-8000 oswa www.aafscny.org
- Sant pou Fanm Azyatik nan Nouyòk (New York Asian Women's Center): www.nyawc.org
- Pwojè kont Vyolans sou Omoseksyèl ak Madivinèz nan Vil Nouyòk [NYC Gay and Lesbian Anti-Violence Project]: www.avp.org
- Vwa Fanm yo (Voices of Women): www.vowbwrc.org
- Connect: www.connectnyc.org

**RELE
311**

Pou w jwenn kopi nenpòt Bilten sou Lasante

Ou kapab jwenn tout Bilten Sante yo sou sit entènèt nyc.gov/health

Vizite sit entènèt nyc.gov/health/email pou yon abònman gratis pa imèl.

Bilten sou Lasante

DEPATMAN LASANTE AK LJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK (NEW YORK CITY DEPARTMENT OF HEALTH AND MENTAL HYGIENE)

#62 nan yon seri Bilten sou Lasante sou zafé enpòtan ki entrese tout moun nan Nouyòk

Departman Lasante ak Ijyèn Mantal vil Nouyòk New York City Department of Health and Mental Hygiene

125 Worth Street, Room 1047, CN 33

New York, N.Y. 10013

Michael R. Bloomberg, Majistra

Thomas R. Frieden, M.D., M.P.H., Komisyone

Biwo Kominikasyon (Bureau of Communications)

Geoffrey Cowley, Komisyone Adjwen

Cornie Lowe, M.F.A., Direktè

Drew Blakeman, Redaktè Anchèf

Cheryl de Jong-Lambert, Redaktè anchèf

Keiko Sakagami, Ed.D, C.H.E.S.

Prepare an kolaborasyon avèk:

Divizyon Epidemyoloji (Division of Epidemiology)

Seksyon Blesi Epidemyoloji (Injury Epidemiology Unit)

Biwo Sèvis Epidemyoloji (Bureau of Epidemiology Services)



Kouman pou pwoteje tèt ou
Vyolans ou sibi nan men patnè entim ou

**RELE
311**

Pou sèvis ki pa ijan nan vil Nouyòk
Entèpretasyon pa telefòn nan 170 lang